



MAJISTRA JANEY ANONSE MANDA KACHNEN NAN KOTE KI FÈMEN POU VIL BOSTON

Vil la pral atake varyant COVID-19 Delta atravè yon plan senk pwen

BOSTON - Vandredi, 20 Out 2021 - Majistra Kim Janey jodi a anonse kachnen pral rekòmande nan tout milye piblik ki fèmen yo nan Vil Boston, nan kad yon Plan a Senk Pwen pou varyant Delta, yon varyant COVID-19 ki pi kontajye ki se kounye a souch prensipal viris la. Òdonans sante piblik la, ki emèt pa Boston Public Health Commission, antre an vigè a 8:00 a.m. Vandredi 27 Out nan Vil Boston. Vil la mete an èv plan sante piblik pwoaktif sa pou atenyè transmisyon kominotè varyant Delta, avan arive plis pase 50000 etidyan inivèsite nan tout peyi a ak retou nan lekòl plis pase 50000 elèv Boston Public School. Majorite pami 100000 timoun k'ap viv nan Vil Boston twò jèn pou yo elijib pou vaksinasyon an.

"Pa gen anyen ki plis enpòtan pase retablisman, re-ouvèti ak renouvèlman an tout sekirite Boston, aprè pandemi COVID-19 la ki ankou," Majistra Janey te deklare. "Nou konnen kesyon kachnen an fonksyone pi byen lè chak moun pote youn. Egzije kachnen nan kote ki fèmen se yon mezi sante piblik pwoaktif pou limite transmisyon varyant Delta, ranfòse konfyans piblik la nan antrepriz nou yo ak sit nou yo epi pwoteje rezidan vil nou yo ki jèn pou vaksinasyon."

Pa yon òdonans Boston Public Health Commission, Vil Boston pral egzije tout moun ki gen plis pase laj de zan pou mete yon kachnen oubyen kouvèti vizaj:

- Chak fwa yo twouve yo anndan lokal yon antrepriz, yon klèb, yon lokal reyinyon oubyen yon lòt lokal ki ouvri ak manm piblik yo, ki genyen ladan l men san limite ak sa, etablisman vant an detay yo, restoran yo, ba yo, sal espektak yo, klèb sosyal yo, espas pou evènman yo, ak batiman minisipal yo.

Kouvèti vizaj yo kapab retire lè moun yo ap manje oubyen bwè aktivman. Kachnen yo dwe mete pou tout aktivite entèn yo, ki enkli fè kòmman nan yon ba oubyen danse. Òdonans lan pa aplike pou rasanbleman nan rezidans prive yo lè pa gen okenn konpansasyon ki peye, batiman prive yo ki pa aksesib ak lokal piblik pou adore, oubyen atis ki kenbe distans sis pye (180 cm) de odyans yo.

Nouvèl òdonans kouvri vizaj Majistra Janey la apiye sou efò kontini Vil la pou lite kont Varyan Delta COVID-19 la. Plan Senk Pwen pou Varyan Delta enkli:

1. Aksè ekitab ak vaksen e ak boustè
2. Manda vaksen an pou travayè vil yo
3. Nouvo investisman HVAC yo pou lekòl yo



Language and
Communications Access



4. Manda kachnen pou lekòl yo ak batiman vil yo
5. Nouvo kachnen nan tout espas piblik yo

"Plan an senk pwen Boston pou varyan Delta plase vaksinasyon ak prevansyon nan sant repons COVID-19 nou an," Majistra Janey te di. "Mwen mande pou chak rezidan Boston pa bò kote pa yo kenbe vil nou an an sekirite. Al pran vaksen, pote yon kachnen, lave men ou, epi fè tè, espesyalman si w ap vwayaje, w ap fè fas ak divès sentom, oubyen ou te ekspozè ak viris la."

Boston se youn pami gran vil yo ki plis vaksinen an peyi a, avèk plis pase 68% rezidan ki te pran omwen yon dòz. Nan de dènye semèn yo pou kont yo, apeprè 8000 rezidan te pran premye dòz vaksen pa yo. Dis fen Out la, tout anplwaye Vil yo, antreprenè yo, ak benevòl vil yo pral bezwen verifye estati vaksinasyon yo atravè yon pòtay nimerik santralize sekirize.

Majistra Janey te egalman angaje \$30 milyon dola pou amelyore chofaj, vantilasyon ak klimatizasyon nan Batiman Boston Public School yo. Enstalasyon yo ak miz-a-nivo HVAC gran etandi yo pral rive fèt pandan pwochen ane lekòl la.

Nouvèl egzijans kachnen an te byen akeyi pa dirijan sektè lasante, atizay, ki te pami moun ki te pi touche pa pandemi COVID-19 la.

"Mwen salye desizyon Majistra a pou pwoteje sekirite fanmi nou yo ak vwazen nou yo nan enstitiye yon manda kachnen pou espas piblik entèn yo," te deklare Kate Walsh, Prezidan ak Chèf Direksyon Boston Medical Center. "Risk elve enfeksyon an ki asosye avèk varyan Delta poze yon defi kritik pou kominote nou yo. Nou tout gen yon responsabilite pou fè tout sa nou kapab pou atennye risk enfeksyon COVID-19 tout pandan n'ap ankouraje chak moun pou pran vaksen an, ki enkli sila yo ki gen 12 ak pi gran ki pral tounen lekòl byento."

"Mwen vle remèsye Majistra Janey ak Vil Boston an antye pou mezi sa yo pran pou pwomouvwa yon espas sen pou kliyan yo," te deklare Emily Ruddock, direktis egzekitif MassCreative, òganizasyon defans atizay yo nan nivo Eta. "Pandan n'ap kontinye reyaji ak retabli nou de pandemi COVID-19 la, n'ap sipòte manda kachnen nan espas entèn yo pou garanti ke sektè dinamik atizay ak kilti yo sen pou plezi tout moun."

"Lè moun yo rasanble e si tout moun maske, mwen konnen sou baz done CDC, pral genyen yon rediksyon 75% nan to enfeksyon an. Manda kachnen an se donk yon etap vrèman enpòtan pou asire sekirite Vil Boston," te deklare Tim Rowe, Prezidan/Fondatè Sant Inovasyon Cambridge (Innovation Center Cambridge, CIC)

Kesyon ki poze souvan konsènan nouvo manda kachnen yo disponib sou boston.gov/reopening. Pwopriyetè restoran yo ki gen kesyon espesifik yo kapab kontakte:



Language and
Communications Access



licensingboard@boston.gov. Si ou se nenpòt lòt sektè manda sa kouvri, oubyen ou genyen divès kesyon jeneral, tanpri rele 311 oubyen kontakte: smallbiz@boston.gov.

###



Language and
Communications Access